



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05//2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN MEGAPWOJÈ POU AMELYORE SANT  
ENTRETYEN AK OPERASYON WOUT RAY METRO-NORTH LA NAN CROTON-ON-  
HUDSON**

*Pwojè pou plizyè ane a modènize atelye reparasyon ak sipò yo, sa ki pèmèt  
Metro-North kontinye rit istorik pèfòmans alè a*

*Finisman pwojè ki te anonse apre pi bon mwa Wout Ray la pou pèfòmans alè nan  
istwa 41 ane li a*

*Videyo Harmon Shop la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman amelyorasyon sant antretyen ak operasyon enpòtan nan Wout Ray Metro-North MTA nan Croton-on-Hudson, NY, ki anplwaye 1,200 moun. Avèk ouvèti nouvo etablisman 400,000 pye kare sa a, ke yo rele Harmon Shop, Metro-North pral kapab kenbe fyabilite tren yo epi satisfè bezwen antretyen operasyon li yo pou plizyè deseni k ap vini yo.

"Anons jodi a bati sou angajman nou pou asire sistèm transpò piblik nou yo rete an sekirite, efikas ak favorab pou pasaje yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Amelyorasyon sa yo se envèstisman pou wout ray la fonksyone yon fason fyab pou piblik la, ak tren ki rive alè ak ase machin pou pote tout pasaje ki vle monte."

**Lidè Majorite Sena a New York la, Andrea Stewart-Cousins, te deklare**, "Croton-Harmon Yard jwe yon wòl santral pou asire Wout Ray Metro North la bay elektè nou yo yon sèvis fyab ke mwen fyè dèske m te sekirize envèstisman enpòtan pou Pwogram Kapital MTA pou asire amelyorasyon enpòtan yo te konplete pou sant ki chaje ak ouvèti Harmon Shop sa a, yon nouvo etablisman modèn ki pral asire MTA satisfè bezwen antretyen flòt tren Metro North kounye a ak alavni."

Pwojè a, ki gen ladan finansman eta ak federal, modènize kè operasyon tren an. Lè Metro-North te eritye sit la nan men ray tren predesesè li yo an 1983, li te imedyatman rekonèt li pa apwopriye pou satisfè bezwen ekipaj ki ta kenbe flòt wagon ak lokomotiv wout ray la. MTA te idantifye lajan kapital pou fè amelyorasyon nan fen ane 1990 yo, epi travay ap fèt depi ane 2001 pou fè amelyorasyon nesèsè sa yo.

Faz final pwojè a enkli konstriksyon yon nouvo etablisman ki gen ladan atelye reparasyon ak sipò. Etablisman modèn lan pèmèt Metro-North fè pwogram Antretyen ki Santre sou Fyabilite li a epi rann kont pou reparasyon ki pa planifye sou tout flòt elektrik pa yo. Etablisman an te ekipe ak yon douzèn aparèy pou leve machin, kat ray pedestal, ak plizyè nan nivo pòt ak platfòm nan nivo twati pou ede nan antretyen prevantif la. Dezyèm etaj la fèt pou rasyonnalize distribisyon pati ki genyen ant nouvo atelye elektrik la ak atelye sipò adjasan yo ak atelye antretyen ki gen ladan entegre yon koridò sèvis ki konekte touletwa bilding yo.

Pandan plis pase 100 ane Harmon Yard te jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan operasyon chak jou wout ray la. Atravè planifikasyon Metro-North ak planifikasyon dilijan, konsepsyon ak konstriksyon, pwojè a te fini sou 23 ane nan senk faz:

**Faz 1:** Ekip yo te konstwi ray sèvis, yon nouvo pasaj siperyè pou anplwaye yo, epi yo te bay lakou a kouran sou bò wout la pou redwi siyifikativman motè ki ralenti nan lakou a, diminye bri pou vwazen ki antoure yo epi pwodui mwens emisyon gaz a efè sè.

**Faz 2:** Ekip yo te konstwi bilding Kominikasyon & Antretyen Vwa yo epi yo te fè modifikasyon Sant Distribisyon Materyèl la.

**Faz 3:** Ekip yo te konstwi yon nouvo atelye Antrenè ak yon nouvo Atelye Lokomotiv ansanm ak yon nouvo Enstalasyon Wheel True ak yon Tou a Wou Tandem anba Planche ki fèt pou antreteni flòt wagon elektrik otomotè M-7 Metro-North yo, ak flòt alavni yo.

**Faz 4:** Bay reparasyon priyorite nan bilding milti-bi pou loje atelye, sitou sou pati lwès bilding lan ki pral rete operasyonèl pandan konstriksyon an, ansanm ak konstriksyon yon nouvo Ovan Estokaj Wout nan lakou nò a.

**Faz 5:** Bay ranplasman konplè bilding milti-bi a an de etap. Premye etap la te bay konstriksyon yon nouvo Consist Shop ki gen doub ekstremitè ak de vwa yo chak gen longè dis machin. Dezyèm etap la te enkli konstriksyon atelye Reparasyon ak Sipò Ankou EMU yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Sèvis Metro-North pla a janm te pi bon – 99% pèfòmans alè jiskaprezan ane sa a. Yon gwo rezon se fason yo kenbe ak repare flòt machin nou an isit la nan Harmon Shop la - yon etablisman klas mondyal ki pa gen parèy."

**Prezidan Metro-North Railroad MTA, Catherine Rinaldi, te deklare,** "Harmon Yard se kè operasyon Metro-North yo, epi tan akonplisman pwojè sa a pa t kapab pi bon. Metro-North kounye a nan mitan yon seri enpresyonan - kat ane youn apre lòt ak yon pèfòmans alè nan omwen 97 pousan. Kounye a, avèk yon Harmon Yard ki fini, wout ray la ka kontinye bay sèvis eksepsyonèl pou plizyè dizèn milye pasaje chak jou."

**Prezidan MTA Construction & Development, Jamie Torres-Springer, te deklare,** "Sa a se yon sòt investisman alontèm se sa li mande pou mennen yon sistèm ki gen yon syèk nan epòk modèn lan. Gras ak investisman kapital soutni sa a, pasaje Metro-North yo pral benefisye pou plizyè deseni."

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** "Anpil konpliman pou Wout Ray Metro-North pou finisman ak ouvèti nouvo sant antretyen ak operasyon Croton-Harmon lan. Transpò piblik antre ak soti nan vil la se kle nan kalite lavi nou jwi nan banlye New York yo. Moun ki abite nan distri mwen an ak tout vwayajè yo benefisye de sa a ak anpil amelyorasyon Metro-North ap kontinye fè. Mèsi paske w te kenbe tren yo an bon eta ak alè."

**Madanm asanble Dana Levenberg te deklare,** "Fè gwo amelyorasyon enfrasitriki sa a nan distri mwen an se yon trè bon nouvèl. Amelyorasyon sa yo pral kenbe sèvis tren nou an mouvman nan bon direksyon pandan Metro-North ap kontinye frape dosye pou pèfòmans alè. Anplis amelyore fyabilite sèvis tren ak operasyon, li pral asire tou ke Harmon Yard rete yon anplwayè solid nan zòn nan. Mwen rekonesan anpil pou fon federal ak eta ki te sipòte pwojè sa a."

**Manm Asanble Ken Zebrowski, te deklare,** "Lakou Croton Harmon se yon etablisman enpòtan ki fè travay enpòtan pou kenbe tren yo an mach ak Nouyòkè yo an mouvman. Amelyorasyon sa yo pral asire lakou sa a gen ekipman ak enfrasitriki nesèsè pou kontinye travay di sa a. Mwen kontan wè amelyorasyon sa yo fini jodi a epi mwen pa ka tann pou mwen wè valè yo pral ajoute nan sistèm transpò piblik nou an."

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare,** "Pandan n ap selebre Harmon Shop la, nou pa sèlman wè agrandisman yon etablisman; n ap wè ranfòsman angajman Metro-North pran pou ekselans ak fyabilite. Mwen remèsye Gouvènè a pou devouman li pou bay transpò ki an sekirite, efikas ak fyab pou vwayajè ki konte sou Metro-North chak jou."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)